**दिन–शुक्रवार** **दिनांक–07.02.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

बिहारक एन.डी.ए. सांसद सभ आइ संसद भवन मे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी सँ भेंट–घाट कयलनि। एहि बीच, भाजपा, जदयू, लोजपा आरक सांसद सभ श्री मोदीक अभिनंदन कयलनि। ई बैसार मे केन्द्रीय मंत्री गिरिराज सिंह, राजीव रंजन सिंह आओर चिराग पासवान सेहो छलाह। ई बैसार केन्द्रीय बजट मे बिहार लेल कयल गेल कतेको घोषणाक पृष्ठभूमि मे भेल। मीडिया सँ गपशप करैत केन्द्रीय मंत्री गिरिराज सिंह जनौलनि जे बिहारक सांसद सभ राज्य सँ जुड़ल बजट घोषणा लेल प्रधानमंत्री के धन्यवाद देलनि।

---

भारतीय रिजर्व बैंक पाँच बरखक बाद नीतिगत रेपो रेट मे पच्चीस आधार अंकक कमि कयलक अछि आओर एहि के साढ़े छओ प्रतिशत सँ घटा कऽ सवा छओ प्रतिशत कऽ देल गेल अछि। रेपो रेट मे कमि भेला सँ होम लोन सँ लऽकऽ कार लोन धरि सस्ता भऽ सकैत अछि।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ अपन प्रगति यात्राक क्रम मे जमुई जिला मे आठ सय नब्बे करोड़ टाकाक लागतिवला कतेको योजनाक उद्‌घाटन आ शिलान्यास कयलनि। श्री कुमार कतेको विभागक स्टॉल जाकऽ देखलनि आओर राज्य सरकारक योजनाक लाभीर्थी आओर जीविका दीदी सभक संग संवाद सेहो कयलनि।

---

जमीनक बदला नोकरी घोटाला मामिला मे दिल्लीक राउज एवेन्यू अदालत मे आइ सुनवाई नहि भऽ सकल। मामिलाक अगिला सुनवाई आब सतरह फरवरी कऽ होयत। ई

मामिला मे राजद अध्यक्ष आओर ओहि कालक रेल मंत्री लालू प्रसाद सहित हुनक परिवारक पाँच सदस्य आरोपी छथि।

——————————————————————

राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां प्रयागराज महाकुंभ के भारतक अलौकिक, सार्वभौमिक आओर समावेशी संस्कृतिक प्रतीक जनौलनि अछि। प्रयागराज मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे श्री खां जनौलनि जे कुंभ मेला मे विविधता लेल सम्मानक संग–संग स्वीकार्यता सेहो अछि। ओ महाकुंभ मे उत्तरप्रदेश सरकार द्वारा कयल गेल व्यवस्थाक सेहो प्रसंशा कयलनि।

——————————————————————

भाजपाक वरिष्ठ नेता आओर रामजन्म भूमि तीर्थ क्षेत्र ट्रस्टक न्यासी कामेश्वर चौपालक मुन्हारि राति नव दिल्ली मे निधन भऽ गेलनि। ओ पछिला किछु दिन सँ बीमार रहैथ। ओ अयोध्या मे राम मंदिर निर्माण लेल नींवक पहिल इटा रखने छलाह। ओ बिहार विधान परिषदक सदस्य सेहो रहल छलाह। कामेश्वर चौपाल सुपौल जिलाक कमरैल गामक छलाह। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कामेश्वर चौपालक निधन पर दुःख जतौलनि अछि। सोशल मीडिया पर एक पोस्ट मे श्री मोदी जनौलनि जे ओ एक समर्पित राम भक्त छलाह। जे अयोध्या मे राम मंदिर बनाबय मे बहुमूल्य योगदान देलनि। श्री मोदी जनौलनि जे ओ दलित समुदाय सँ छलाह आओर हुनका समाजक वंचित वर्गक कल्याणक काज करबाक लेल सदिखन याद कयल जायत। राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां आओर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार, उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा सहित कतेको राजनीतिक दलक नेता सभ निधन पर दुःख जतौलनि अछि। आइ हुनक पार्थिव शरीर विधान मंडल परिसर मे लाओल गेल। जतय उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा सहित कतेको नेता सभ हुनका श्रद्धांजलि देलनि।

——————————————————————

जदयूक सांसद संजय कुमार झा मिथिलाक दुर्लभ पांडुलिपि के संरक्षित करबाक सरकार सँ मांग कयलनि अछि। आइ राज्यसभा मे श्री झा जनौलनि जे ज्ञान भारत मिशन मे पांडुलिपिक संरक्षण कयल जयबाक चाही।

—————————————————————

नगर विकास मंत्री नितिन नवीन जनौलनि अछि जे राज्यक छओ नगर निगम क्षेत्र मे ट्रैफिक व्यवस्था के बढ़ियाँ बनेबाक लेल सीसीटीवी कैमरा आओर ट्रैफिक सिगनल लगेबाक निर्णय लेल गेल अछि। श्री नवीन जनौलनि जे एहि मे दरभंगा, सहरसा, पूर्णियां, गया, मुंगेर आओर छपरा अछि। ई योजना पर चारि सय सत्तासी करोड़ टाका खर्च होयत।

—————————————————————

प्रदेश मे जमीनक जमाबंदी मे सुधार करबाक लेल विशेष अभियान चलाओल जायत। राजस्व आओर भूमि सुधार विभागक सचिव **जय सिंह** जनौलनि जे सभ जिलाधिकारी के शिविर लगाकऽ एहेहेन मामिलाक निपटारा करेबाक लेल जनाओल गेल अछि। ओ जनौलनि जे पन्द्रह मार्च धरि मामिलाक निपटारा कयल जायत।

—————————————————————

सीतामढ़ीक रीगा चीनी मील के किसान सभक बकाया टाकाक शीघ्रहि भोगतान कयल जायत। जिलाधिकारी रिची पांडेय संवाददाता सभ सँ गपशप मे जनौलनि जे कैबिनेटक एकर स्वीकृति दऽ देलक अछि।

—————————————————————

तेज पछिया हवाक प्रभाव सँ राज्यक औसत तापमान कमल अछि। मौसम पूर्वानुमान मे जनाओल गेल अछि जे अगिला अड़तालीस घंटाक बीच न्यूनतम तापमान मे कोनो खास बदलि नहि होयत। ओकर बाद अगिला दू दिन मे न्यूनतम तापमान दू सँ तीन डिग्री सेल्सियस बढ़ि सकैत अछि। एम्हर, पछिला चौबीस घंटाक बीच नओ डिग्री सेल्सियस न्यूनतम तापमानक संग रोहतास जिलाक डेहरी राज्यक सभ सँ बेसी ठंढ़ा स्थान रहल। राजधानी पटनाक न्यूनतम तापमान तेरह दशमलव चारि डिग्री सेल्सियस रहल।

—————————————————————

समाप्त